

**S**EIRING kian parahnya penyakit lambung yang diderita, Mudakir berkeyakinan bahwa cepat atau lambat ia akan menemui ajalnya. Ia membayangkan akan melihat dua malaikat turun dari langit, membawa kain kafan dan minyak wangi dari surga. Lalu dengan gerakan yang sukar dijelaskan nalar dan logika, rohnya terlepas begitu saja seperti seekor anak ayam yang menetas dari cangkangnya. Lalu dua malaikat akan melayang-kannya ke angkasa. Hingga tak berlangsung lama, rohnya dikembalikan lagi ke jasadnya dan dua malaikat di alam kubur akan mewawancarainya dengan serangkaian pertanyaan. Tentu, sebelum itu ia telah lebih dahulu diperlihatkan gambaran surga atau neraka—jelas ia membayangkan akan melihat surga.

Keyakinan akan kematian itu diperkuat manakala selepas Asar, Mudakir merasakan denyutan di bagian ubun-ubun. Tiga hari sebelumnya ia juga merasakan denyutan di antara dahi kanan dan kirinya. Ia kemudian teringat perkataan Kiai Amin, sewaktu kecil, dalam sebuah pengajian pernah menyampaikan beberapa tanda-tanda ketika seseorang hendak menemui ajal. "Tiga hari menjelang kematian, pada suatu saat, akan terasa denyutan di antara dahi kanan dan dahi kiri," kata Kiai Amin. Saat itu, usia Mudakir belum genap dua belas tahun.

Kepada istrinya, Mudakir hanya ingin berwasiat bahwa jika ia mati, ia ingin ayam-ayamnya dirawat dengan baik. Terutama Si Diman, ayam bangkok yang karena kemananganinya di medan laga, ia mampu meminang sang istri. Bagi seorang bodoh penyabung ayam yang ulung macam dirinya, bukankah ayam tak ubahnya harta paling berharga yang harus dirawat dan dijaga?

Tapi pada pagi yang tak biasa, Mudakir merasakan sesuatu yang aneh. Ia terbangun dari tidurnya dengan lambung yang tak lagi terasa sakit. Ia terbangun sebagaimana orang yang sehat dan bugar. Ia mampu melihat dengan jelas sorot matahari yang menyelinap lewat jendela kamarnya. Apakah itu artinya ia



telah sembuh dan tak akan jadi mati? Ia segera bangun dan memanggil sang istri. Tapi sampai pada panggilan ketiga, tak ada seorang pun yang menyentuh.

Ketika Mudakir beranjak dari ranjangnya dan melangkah ke ruang tengah, ia mendapati sesuatu yang janggal. Banyak orang yang bertandang ke rumahnya dengan muka penuh sungkawa. Padahal, keluarannya tidak sedang berduka.

"Aneh. Aku hanya punya firasat akan mati, tapi kenapa orang-orang sudah berbondong ke sini seolah-olah di keluargaku sudah ada yang mati?" batin Mudakir, terheran.

Lantaran firasat kematianya masih kuat, Mudakir terus berusaha mencari istrinya. Tujuannya tentu hanyalah menyampaikan wasiatnya agar ketika ia mati, Si Diman dan ayam-ayam-ayamnya dirawat dengan baik sebagaimana merawat seorang anak.

Sampai di dapur, Mudakir belum juga menemui istrinya. Malahan, ia melihat para tetangga yang tengah

sibuk meramu bumbu. Di sinilah, ia dikejutkan oleh satu hal. Ia melihat Si Diman sedang dirajang dan siap untuk dimasak. Ia yakin betul bahwa itu Si Diman, sebab ia tahu persis bagaimana bentuk tubuh ayam itu, mulai dari ekor, ceker, dan kepala.

"Brengsek, siapa yang suruh menyembelih Diman?" Mudakir berteriak histeris. Tapi, tak seorang pun yang mendengar teriaknya. Pada saat yang bersamaan, ia juga mulai menyadari ada yang aneh dalam dirinya. Ternyata kakinya tidak bisa menyentuh lantai. Melayang.

"Ah, jadi aku sudah mati!?" Mudakir makin histeris. Ia sungguh tak tahu, betapa Si Diman akan dijadikan opor ayam untuk hidangan tahililan kematianya. □

**Purbalingga, 2022**  
\*) *Ikrom Rifati* lahir di Purbalingga, 25 Juli 2000. Mahasiswa Universitas Singaperbangsa, Karawang. Bergiat di Komunitas Teater & Sastra Perwira (KATASAPA) Purbalingga.

## Oase

### Mufti Wibowo

#### MUSIM SEMI

-nona w

Padang rumput yang hijau mendadak sebiru laut musim semi menjauh digiring gembalanya

Hati kanak-kanak kita yang telanjang membaca rasi, menggambar nasib mendadak, bola mata menjadi mahatari menjadi semesta tak habis dibaca

Aku terus akan bercerita sebanyak kamu beryanyi, hingga musim semi mengetuk pintu

fakuntsin, 2022

#### JARAK MUSIM

1#  
Dalam jarak datang ke pergi badai melepas musim—basah

Sakit itu berlalu menyisakan genangan hening memantulkan retak pada biru langit: ketuaan dan keangkuhan adalah kata lain keanggunan yang menyihir

Liuk api biru pada tungku hati

2#  
Ke kuburan tubuhku melesat bersepeda ke ujung syakban mengiris jalanan lengang dari tubir Cideng meriak-riak —bayangan sepiaku memantul dari dasar berbatu tempat sembunyi ikan dan udang yang hafal jerat dan pacungku—

Kuburan pagi itu begitu sunyi kurapal doa dan air mata sederhana yang lekas menguap sebelum bulan muda tiba

2022

#### BULAN PUTIH

Bulan putih mengambang di atas laut hijau kebiruan Sepasang kaki mungil berkejaran lidah ombak menancap pasir Indrayanti yang hangat

Di selatan, jernih adalah muara segala luka tak kurang, tak lebih

Jogja 2022

#### KEDUNGRINGIN

-mursalin & ayat

Akar batang pohon pepaya menyisakan celah rongga di tengahnya

Kita bisa mengisinya dengan sekitar doa dan kenangan sejingga kalifornia yang ranum dan manis yang pas

Hanya itu, sebab makna telah menjadi garam yang terpisah dari hujan

Rapuh pun, ia memerlukan angin dan hujan untuk tumbang

2022

#### BULAN MUDA

Dua ujung garis bulan muda laut surut, angin darat mendorong seujud jiwa menumpang perahu tanah tajamnya mengiris kulit-daging dada yang pucat, adakah aku di sana, tersesat di jantungmu atau hati bila bukan empedu

fakuntsin 2022

\*) Mufti Wibowo, lahir dan berdomisili di Purbalingga.

# MEKAR SARI

**R**UMANGSA kebrebegang anggone turu amarga tangise anake, Paimo tangi. Tangi turu, Paimo ora marani anake kang lagi nangis, nanging malah gage mlayu marani Bejo, pitik jago klangenane. Bejo ditokake saka kandhang banjur dielus-elus, dipakani, lan diombeni.

Surti, bojone Paimo kang lagi mangsak, unjal ambegan lan ngelus dhadha. Anake banjur digendhong lan dineng-nengi. Kedadeyan ngono kuwi ora mung pisan pindho, nanging wus bola-bali. Surti wus wegah ngandhani Paimo. Amarga, yen ngandhani, mesthi piring lan gelas padha mabur dibanting dening Paimo. Tinimbang kelangan piring lan gelas, uga suwara kang bakal mbrebebi tangga teparone, aluwung Surti meneng, ra ketang ing dhadha krasa seseg.

Nganti jam sanga, Paimo tetep ndhodhok ing ngarep kurungan pitik. Ora let suwe, keprungu swara mobil mandheg. Surti nginguk saka cendhela. Katon Pak Broto mudhun saka mobil karo mesam-mesem. Ing mburine ana Pujo, sopir pribadiane Pak Broto.

"Mesti Pak Broto arep ngajak adu jago," Surti ngudarasa sinambi ndulang anake.

Wus bola-bali Surti ngandhani Paimo supaya ora adu jago. Nanging bojone kuwi tetep ngeyel. Surti mesakake ndhase Bejo bundhas-bundhas sawise diadu. Durung maneh, adu jago mono wus nrang tatanan agama.

"Sur!" Katon Paimo nyedhaki Surti karo mesam-mesem.

"Pak Broto rawuh, jarene arep ngenehi gaweyan kanggo aku," kandhane Paimo.

Surti katon bungah, seneng yen bojone bakal entuk gaweyan liya. Dadi ora mung adu jago terus. Paimo ngetokake dhuwit rong puluh ewu saka clanane.

"Tukokna pacitan kanggo nyuguh Pak Broto!" kandhane karo ngulungake dhuwit banjur ngaturi Pak Broto supaya lungguh ing njero omah.

"Njanur gunung, bapakmu menehi dhuwit, jebul kanggo nyuguh Pak Broto." Surti grundelan karo nggendhong anake.

Pak Broto nuli mlebu lan lungguh ing kursi kamar tamu. Nganti sauntara wektu, Surti ngetokake wedang lan pacitan. Sanalika Pak Broto, Pujo, lan Paimo kango maune katon bungah ngguyu-ngguyu, dadi cep klakep, kaya orong-orong

kepidak. Surti ngingetake pasuryane Paimo. Raine Paimo katon abang. Ora let suwe, Pak Broto lan Pujo banjur pamit mulih.

Sapungkure dhayoh, Paimo ora crita apa-apa marang Surti. Surti uga ora takon marang Paimo gaweyan apa kang bakal diwenehake marang dheweke.

"Sur, susesuk gawe lawuh sing enak, ya! Tuku daging sapi pa pitik, sakarepmu!" Paimo nggrogoh clanane lan ngetokake dhuwit biru gambar Ir. H. Djuanda Kartawidjaja cacah loro.

Surti nampani dhuwit satus ewu kuwi kanthi mesem. Dheweke banjur menyang warung tuku bumbon lan ubarampe kanggo mangsak.

Esuk dina sabanjure, Surti wus

kandhang pitik.  
"Ngapa, Kang?" pitakone Surti kanthi tenang.

"Bejo ilang! Sapa sing nyolong Bejo?" Paimo mbengok karo mloka-mlaku ing sakiwa-tengen omah, nggoleki Bejo. Mripate Paimo weruh wulu-wulu pitik cedhak wit jambu ing sisih kiwa omah.

"Surti! Sing mbok mangsak mau pitik endi?" pitakone Paimo kanthi mripat mentheleng marani Surti.

"Sing dakbeleh, dakkadekake opor, lan kango sarapan mau, ora liya, Bejo. Pitikmu, Kang! Kang arep mbok adu dina iki," jawabe Surti kanthi entheng.

Tangane Paimo kemlawe arep napuk pipine Surti nangning ora bisa, amarga dicekeli dening Pak RT.

"Pak RT, njenengan am-pun melu-melu urusan kula kalian Surti!" pambengoke Paimo.

Pak RT rumangsa nduwe-ni tanggung jawab kanggo ngurusi wargane. Pak RT banjur ngajak Paimo, Surti, Pak Broto, lan Pujo ngo-mong-ngomong bareng. Bu RT ngancani Surti. Ndilalahe, omahe Surti lan Pak RT jejer.

Paimo banjur crita menawa Bejo, pitik kang arep diadu dina kuwi wus di-beleh dening Surti kanggo mangsak opor. Surti banjur crita yen kepeksa mbeleh pitik mau amarga wus jehel karo tumindake bojone kang gaweyane adu jago. Durung maneh, awan wingi

nalika Pak Broto medhayoh, lan Paimo ngongkon Surti tuku pacitan, Surti ngajak Bu RT supaya nguping lan ngrekam pacelathon antarane Pak Broto, karo Paimo. Amarga Surti wus cubriya, yagene Paimo menehi dhuwit kanggo tuku pacitan.

Nalika nguping lan ngrekam kuwi, Pak Broto bakal nyilih Bejo kanggo adu jago. Yen Bejo menang, Paimo bakal dirabekake karo anake Pak Broto kango aran Lesi. Salyiane kuwi, Paimo bakal di-

dadekake mandhor ing pabrik tempe duweke Pak Broto. Pak Broto banjur menehi dhuwit sayuta supaya diwenehake Surti, ben ora cubriya. Anggep baé opah kanggo Bejo.

Pacelathon mau direkam dening Bu RT. Pak Broto, Paimo, lan Pujo mung ndhingkluk lan manthuk-manthuk ngakoni kabeh mau. □



mangsak ing pawon. Ambune opor tekan irunge Paimo. Paimo banjur tangi lan nyedhaki Surti kang lagi mangsak.

"Wah, ambune enak tenan! Wis mateng durung, aku arep sarapan. Sedhelet maneh Pak Broto bakal ngampiri aku," kandhane Paimo karolungguh.

Surti njupukake sega dan opor kanggo Paimo. Anggone sarapan, Paimo nganti imbuh bola-bali.

"Thin, thin, thin!" Klakson mobile Pak Broto saut-sautan.

"Nggih Pak, sekedhap!" Paimo nuli raup, ganti klambi, lan mlayu marani Pak Broto.

Surti ngematake polahe bojone karo mesam-mesem.

"Sur! Surti!" panyeluke Paimo saka njaba omah.

Surti gage metu marani Paimo kango katon bingung mloka-mlaku ing ngarep

## Geguritan

### Sriyanti S Sastroprayitno

#### ING STASIUN TAWANG

Tembang Gambang Semarang isih gemontang mapag tekamu ing stasiun Tawang kaya janji kang nate kapatri tembang iku setya angenteni

Ing lawang peron aku wis nunggu nganthi aboting rasa tanpa rangu-rangu ing pangajab aja nganti sliramu gela lan kasetyan kang dakrone dadi muspra

Stasiun Tawang isih ajeg rame ngelingake wektu-wektu kang wus keplayu suwe rikala aku lan sliramu wus manunggal karsa nedya mecaiki bebarengan wektu-wektu kang bakal teka

Kaya rodha panguripan kang tansah mubeng sabarang kalir ing donya tan langgeng nanging prasetyamu isih sun gegem kenceng kaya rikala ing stasiun Tawang kita ketemu nganti angslupung surya sliramu tansah dakantu

Surabaya, 7 Mei 2022

#### KUCING KERAH

Rebutan apa ta sakjane kucing lanang loro glarongan rame mecah sepi ing tengahing wengi mbribeni wong turu dadi tangi

Apa sejatinne urip pancek kaya kerahe kucing ora kudu ana sebab sing penting gawe gonjing Ah, atiku kok banjur krasa mak griming miris nggambareke angen-angenku kango miring

Kamangka kucing kerah wis meneng embuh sida kabruk-kabrukan apa mung gereng-gereng nanging ngantukku wis kadhung miber kegawa kerahe kucing kang maune ngganter

Ganti suwara cuwit-cuitwan manuk pratandha wus nyedhaki bangun esuk wektu kaya ubenging rodha muga sesuk wis ganti werna

Surabaya, 6 Mei 2022

#### SADULIT GURIT

Sun titip sedulit gurit ing plataran langsing kabundhel rasa tresna kang punel ora samar tetep angambar ngebakai dhadha kanthi sabar lan jembar